



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 425 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU
PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO ENPÒTAN NAN TOUT ETA A**

***Premye depans Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la ranfòse pwochen faz
pwogram amelyorasyon enfrastrikti dlo ak sibvansyon entèminisipal yo***

Aplikasyon yo pral disponib sou entènèt nan dat 3 me

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 425 milyon dola pral disponib atravè pwochen faz Pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo ak Sibvansyon Entèminisipal Eta a, ke premye depans dapre Lwa 2022 sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp, ak Travay Vèt la te ranfòse. Enjeksyon fon piblik yo pral kontinye ede rann investisman nan enfrastrikti dlo yo pi abòdab pou gouvènman lokal yo, ranfòse rezistans, konbat chanjman klimatik ak kreye travay nan fabrikasyon, enjeniri, konstriksyon, operasyon izin ak sektè endistri ki gen rapò yo.

"Gras a Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal ke elektè yo apwouve, faz amelyore finansman sibvansyon sa a pral ede transfòme kominote yo atravè Eta New York epi benefisye jenerasyon Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Youn nan eleman prensipal yo nan Lwa sou Obligasyon an ap bay gwo finansman pou enfrastrikti dlo, epi finansman sa a pral ede kominote yo bati pi solid ak pi entelijan pou asire dlo potab san danje ak enstalasyon dlo ize yo ka kenbe tèt ak enpak chanjman klimatik yo".

Nouyòkè yo te apwouve an mas Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal 4.2 milya dola an novanm 2022. Ajans eta a, gouvènman lokal yo, ak patnè yo pral kapab jwenn aksè nan finansman pou pwoteje kalite dlo, ede kominote yo adapte yo ak chanjman klimatik, amelyore rezistans, epi kreye travay vèt. Finansman Lwa sou Obligasyon an pral sipòte pwojè nouvo ak elaji atravè eta a pou pwoteje sous dlo potab yo, diminye polisyon, epi pwoteje kominote yo ak resous natirèl kont chanjman klimatik yo.

Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) yo administre pwogram [Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo \(Water Infrastructure Improvement, WIIA\) ak Sibvansyon Entèminisipal \(Intermunicipal Grant, IMG\) yo](#) ap travay nan tèt kole ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak Konsèvasyon Anviwònman (Environmental Conservation, DEC) yo. WIIA ak IMG te etabli an 2015 ak 2017,

respektivman, epi Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act, CWIA) te finanse yo. Finansman an anonse jodi a gen ladan 225 milyon dola ki soti nan angajman istorik gouvènè a pou enfrastrikti bon jan kalite dlo a, ak 200 milyon dola ki soti nan [Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal](#), ki te nonmen espesyalman pwogram WIIA ak IMG kòm zouti pou ede amelyore kalite dlo a ak enfrastrikti rezistan.

Yon gwoup travay entè-ajans ki gen plizyè ajans eta kounye a ap idantifye bezwen pou finansman anviwònmantal atravè eta a epi devlope lojistik pwogram nan, ki gen ladan direktiv kalifikasyon adisyonèl pou fason yo pral chwazi ak delivre, atravè yon pwosesis transparan ak kolaboratif. EFC nan 15 mas te pibliye [pwojè direktiv elijibilite Lwa sou Obligasyon WIIA/IMG a pou kòmantè piblik](#) nan kad efò sa yo.

Enjeksyon finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmtantal la pral ede elaji eritaj pwogram sibvansyon WIIA/IMG nan zafè modènizasyon sistèm ki vye epi pwoteksyon dlo potab. Faz sa a pral kontinye bay priyorite a sibvansyon pou pwojè dlo potab ki adrese kontaminan k ap parèt yo ansanm ak pwojè dlo ize enpòtan yo. Kominote efavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis WIIA/IMG konbine ak finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal.

Aplikasyon ak kritè elijibilite konplè a ap vin disponib nan efc.ny.gov nan 3 me.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) yo, Maureen A. Coleman, te deklare, "EFC kontan anpil pou l ede fè premye dola ki soti nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la disponib atravè pwogram sibvansyon popilè nou yo. EFC remèsye Gouvènè Hochul pou angajman pwoaktif kontinyèl li pou bay patnè minisipal nou yo solisyon finansman pou ede yo konfwonte pwoblèm dlo pwòp yo davans epi pou yo kòmanse pwojè enpòtan yo".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Prezidan Konsèy EFC a, Basil Seggos, te deklare, "Avèk finansman rekò ki disponib kounye a atravè Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la ak investisman dirab nan pwogram yo nan eta a, minisipalite yo gen plis opòtinite pou aplike pwojè ki nesèsè ki pwoteje kalite dlo. DEC kontinye travay ak Gouvènè Hochul, EFC, ak patnè lokal nou yo pou investi resous dlo pwòp nan kominote nou yo epi fè avanse benefis anviwònmantal, sante piblik ak ekonomik yo".

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Tout moun merite dlo potab. Li enpòtan anpil pou lavi epi li esansyèl pou kreye ak kenbe kominote ki an sante. Investisman estratejik sa yo nan enfrastrikti dlo pwòp yo pral ede kenbe pwojè yo abòdab pou kominote atravè eta a, sa ki mete fondasyon pou bati yon New York ki pi solid ak pi an sante. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou sante ak byennèt tout Nouyòkè yo, kounye a ak pou ane k ap vini yo".

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Envestisman pwoaktif Eta New York nan enfrastrikti dlo pwòp se kle pou pwoteje dlo potab, sante piblik, ak pwoteksyon anviwònman an men tou reflète angajman Eta a pou kreye kominote ki an sante, dirab ak rezistan. Enjeksyon 425 milyon dola nan fon piblik ki jwenn sipò Lwa 2022 sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt ap fè yon diferans nan lavi Nouyòkè yo ak nan efò gouvènman lokal yo pou ranfòse rezistans a chanjman klimatik yo".

Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman (Citizens Campaign for the Environment), Adrienne Esposito, te deklare, "Gwo sipò piblik la pou lwa sou obligasyon anviwònmantal la nan mwa novanm nan se te yon mesaj pisan, klè ke modènize enfrastrikti dlo ize nou yo ak dlo potab yo se yon bagay ijan. Piblik la te pale epi kounye a, Gouvènè Hochul ak lidè eli nou yo ap respekte pwomès lwa sou anviwònman an! Bezwen kritik pou amelyorasyon dlo pwòp toupatou nan kominote New York yo, ke piblik la sipòte anpil epi bay benefis sante piblik esansyèl. Sa a se yon nouvel entèrèsan ak ki byenvini nan Semèn Latè!"

Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta New York yo, te deklare, "Depi kreyasyon li, Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo a se yon sous finansman esansyèl pou pwojè enfrastrikti dlo potab ak dlo ize atravè Eta New York. Nouvo seri finansman sibvansyon sa a pral sipòte efò kontinyèl gouvènman lokal yo ap fè pou repara ak ranplase tiyo yo, ponp yo ak lòt enfrastrikti enpòtan, epi enstale nouvo teknoloji tretman ki pral ede asire kominote nou yo gen aksè a dlo pwòp ak san danje pou jenerasyon k ap vini yo. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li priyòze envestisman nan enfrastrikti dlo nou an epi li mete lajan ki soti nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt istorik pou moun New York yo byen itilize".

Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante envestisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Nan ajanda Eta Leta 2023 ak pwopozisyon Bidjè Egzekitif 2023-24 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze 500 milyon dola anplis nan finansman dlo pwòp, sa ki mennen nan envestisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp nan 5 milya dola depi 2017. Pou eksplwate envestisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl avèk gouvènman lokal yo, Gouvènè a te pwopoze kreyasyon Ekip Asistans Kominotè yo pou fè sansibilizasyon ki aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. [Inisyativ la te lanse dènyèman](#) epi reyinyon sansibilizasyon yo ap fèt. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak bezwen enfrastrikti dlo yo pou kontakte EFC nan efc.ny.gov/CAT.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU